

## Sivism (Istwa ak Gouvènman) Kesyon pou Tès pou Natiralize

100 kesyon ak repons sou sivism (istwa ak gouvènman) pou tès pou natiralize endike anba la a. Tès sivism lan se yon tès aloral epi Ofisye USCIS la ap poze moun ki aplike a apeprè 19 kesyon sivism sou 100. Yon moun ki aplike dwe reponn 6 kesyon sou 10 kòrèkteman pou li pase pòsyon sivism tès pou li natiralize a.

Nan tès pou natiralize a, kèk kesyon ka chanje akòz eleksyon yo oswa nominasyon yo. Pandan w ap etidye pou tès la, asire ou konnen pifò repons pou kesyon sa yo. Reponn kesyon sa yo avèk non ofisyèl k ap sèvi nan moman w ap fè entèvyou pou kalifikasyon ou avèk USCIS. Ofisye USCIS la p ap aksepte yon repons ki pa kòrèk.

Menmsi USCIS konnen ka gen kèk lòt kesyon kòrèk nan 100 kesyon sivism yo, nou ankouraje moun ki aplike yo pou yo reponn kesyon sivism yo avèk repons nou bay anba la yo.

## GOUVÈNMAN AMERIKEN

### A: Prensip Demokrasi Ameriken

#### 1. Kisa lwa fondamantal peyi a ye?

- Konstitisyon an

#### 2. Kisa Konstitisyon an fè?

- mete gouvènman anplas
- defini gouvènman an
- pwoteje dwa debaz Ameriken yo

#### 3. Lide gouvènman endepandan an nan twa (3) premye Konstitisyon an. Kisa mo sa yo ye?

- Nou, Pèp la

#### 4. Kisa yon amannman ye?

- yon chanjman (nan Konstitisyon an)
- yon diplis (nan Konstitisyon an)

#### 5. Kisa nou rele dis (1) premye amannman yo nan Konstitisyon an?

- Deklarasyon Dwa Moun

#### 6. Ki yon dwa oswa libète ki genyen nan Premye Amannman an?\*

- lapawòl

- relijyon
- rasanbleman
- laprès
- depoze yon petisyon devan gouvènman an

7. Konbyen amannman Konstitisyon an genyen?

- vennsèt (27)

-2-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

8. Kisa Deklarasyon Endependans te fè?

- li te anonse endependans nou (anba dominasyon Grannbretay)
- li te deklare endependans nou (anba dominasyon Grannbretay)
- li te di Etazini libelibè (anba dominasyon Grannbretay)

9. Ki de (2) dwa ki nan Deklarasyon Endependans lan?

- lavi
- libète
- rechèch bonè

10. Kisa libète relijyon ye?

- Ou kapab pratike nenpòt relijyon, oswa ou kapab pa pratike yon relijyon.

11. Ki sistèm ekonomik ki genyen nan Etazini?\*

- ekonomi kapitalis
- ekonomi mache

12. Kisa “etadedwa” ye?

- Tout moun fèt pou respekte lalwa.
- Dirijan yo dwe respekte lalwa.

- Gouvènman an dwe respekte lalwa.
- Pa gen moun ki dwe meprize lalwa.

B: Sistèm Gouvènman

13. Site yon branch oswa pati gouvènman an.\*

- Kongrè a
- lejislatif
- Prezidan
- egzekitif
- tribinal yo
- jidisyè

14. Kisa ki anpeche yon branch gouvènman an vin twò puisan?

- sistèm pouvwa ekilibre
- separasyon pouvwa yo

15. Kimoun ki responsab branch egzekitif la?

- Prezidan an

16. Kimoun ki fè lwa federal yo?

- Kongrè a
- Sena ak Chanm (Reprezantan yo)
- lejislati (Etazini oswa nasyonal)

17. Kisa de (2) pati Kongrè Etazini ye?\*

- Sena a ak Chanm (Reprezantan yo)

18. Konbyen Senatè Ameriken ki genyen?

- san (100)

-3-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

www.uscis.gov

19. Pou konbyen ane nou eli yon Senatè Ameriken?

- sis (6)

20. Kimoun ki se youn nan Senatè Ameriken eta kote w ap viv la kounye a?\*

- Repons yo p ap menm. [Moun k ap viv nan District of Columbia ak moun k ap viv nan teritwa Etazini ta dwe reponn D.C. (oswa teritwa kote moun ki aplike a ap viv) pa gen Senatè Ameriken.]

21. Konbyen manm ki ka vote ki nan gen nan Chanm Repezantan yo kounye a?

- kat-san trant-senk (435)

22. Pou konbyen tan nou eli yon Repezantan Ameriken?

- de (2)

23. Di non Repezantan Ameriken ou.

- Repons yo p ap menm. [Moun k ap viv nan teritwa ki gen Delege ki pa ka vote yo oswa Manm Komisyon Rezidan yo ka bay non Delege a oswa Manm Komisyon an. Nou kapab aksepte tou nenpòt deklarasyon ki endike teritwa a pa gen Repezantan (ki ka vote) nan Kongrè a.]

24. Kimoun yon Senatè Ameriken repezante?

- tout moun ki nan eta a

25. Pou kisa kèk eta gen plis Repezantan pase lòt eta yo?

- (akòz) popilasyon eta a
- (paske) yo gen plis moun
- (paske) kèk eta gen plis moun

26. Pou konbyen ane nou eli yon Prezidan?

- kat (4)

27. Nan ki mwa nou vote pou Prezidan?\*

- Novanm

28. Kijan rele Prezidan Etazini pou kounye a?\*

- Donald J. Trump

- Donald Trump

- Trump

29. Kijan rele Vis-Prezidan Etazini pou kounye a?\*

- Michael R. Pence

- Mike Pence

- Pence

30. Si Prezidan an pa kapab sèvi ankò, kimoun k ap vin Prezidan?

- Vis-Prezidan an

31. Si Prezidan an ak Vis-Prezidan an pa kapab sèvi ankò, kimoun k ap vin Prezidan?

- Prezidan Lachanm

32. Kimoun ki se Kòmandan-an-Chè fòs lame?

- Prezidan an

33. Kimoun ki siyen pwojè-lwa yo pou yo vin lwa?

- Prezidan an

34. Kimoun ki mete veto li sou pwojè-lwa yo?

- Prezidan an

-4-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

35. Kisa Kabinè Prezidan an fè?

- konseye Prezidan an

36. Ki de (2) pozisyon ki nan nivo Kabinè a?

- Sekretè Agrikilti

- Sekretè Komès

- Sekretè Ladefans
- Sekretè Edikasyon
- Sekretè Enèji
- Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal
- Depatman Sekirite Teritwa
- Depatman Lojman ak Devlopman Iben
- Sekretè Enteryè
- Sekretè Travay
- Sekretè-Deta
- Sekretè Transpò
- Sekretè Transpò
- Sekretè Afè Veteran
- Pwokirè Jeneral
- Vis-prezidan

37. Kisa branch jidisyè a fè?

- revize lwa yo
- eksplike lwa yo
- rezoud konfli yo (dezagreman yo)
- deside si yon lwa depaman avèk Konstitisyon an

38. Ki tribinal ki gen pi gwo jiridiksyon nan Etazini?

- Tribinal Siprèm

39. Konbyen jij ki genyen nan Tribinal Siprèm?

- nèf (9)

40. Kimoun ki se Prezidan Tribinal Siprèm Etazini kounye a?

- John Roberts (John G. Roberts, Jr.)

41. Dapre Konstitisyon nou, kèk pouvwa se pou gouvènman federal la. Kisa yon pouvwa gouvènman federal la ye?

- enprime lajan
- deklare lagè
- kreye yon fòs lame
- fè trete yo

42. Dapre Konstitisyon nou, kèk pouvwa se pou eta yo. Kisa yon pouvwa eta yo ye?

- bay ansèyman ak edikasyon
- bay pwoteksyon (lapolis)
- bay sekirite (depatman ponpye)
- bay yon lisans chofè
- apwouve repatisyon zòn yo ak itilizasyon teren

-5-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

43. Kimoun ki se Gouvènè eta kote w ap viv kounye a?

- Repons yo p ap menm. [Moun k ap viv nan District of Columbia yo ta dwe reponn D.C. pa gen yon Gouvènè.]

44. Ki kapital eta kote w ap viv la?\*

- Repons yo p ap menm. [Moun k ap viv nan District of Columbia yo ta dwe reponn D.C. pa yon eta epi li pa gen yon kapital. Moun k ap viv nan teritwa Etazini yo ta dwe site kapital teritwa a.]

45. Ki de (2) pati politik prensipal Etazini?\*

- Demokrat ak Repibliken

46. Ki pati politik Prezidan an kounye a?

- (Pati) Republican

47. Kijan rele Prezidan Chanm Reprezantan yo kounye a?

- Paul D. Ryan

- (Paul) Ryan

C: Dwa ak Responsablite yo

48. Gen kat (4) amannman nan Konstitisyon an konsènan moun ki kapab vote. Dekri youn ladan yo.

- Sitwayen ki gen laj dizuit (18) tan yo ak plis (kapab vote).
- Ou pa gen pou peye (yon taks elektoral) pou vote.
- Nenpòt sitwayen kapab vote. (Fanm ak gason yo kapab vote.)
- Yon sitwayen gason nenpòt ras (kapab vote).

49. Ki yon responsablite ki la sèlman pou sitwayen Etazini yo?\*

- sèvi nan yon jiri
- vote nan yon eleksyon federal

50. Bay yon dwa ki la sèlman pou sitwayen Etazini yo.

- vote nan yon eleksyon federal
- kandida pou fonksyon federal

51. Ki de (2) dwa chak moun k ap viv nan Etazini genyen?

- libète pou di sa ou panse
- libète lapawòl
- libète rasanbleman
- libète pou depoze petisyon devan gouvènman an
- libète relijyon
- dwa pou gen zam

52. Ba kisa nou montre lwayote lè nou di Sèman Alejans lan?

- Etazini
- drapo a



\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

53. Ki yon pwomès ou fè lè ou vin yon sitwayen Etazini?

- abandone lwayote pou lòt peyi yo
- defann Konstitisyon ak Lwa Etazini
- respekte lwa Etazini
- sèvi nan fòs lame Etazini (si li nesèsè)
- sèvi (fè travay ki enpòtan) pou nasyon an (si li nesèsè)
- montre ou fidèl pou Etazini

54. Ki laj sitwayen yo dwe genyen pou yo vote pou Prezidan?\*

- dizuit (18) tan ak plis

55. Ki de (2) fason Ameriken yo kapab patisipe nan demokrasi yo?

- vote
- antre nan yon pati politik
- ede nan yon kanpay
- antre nan yon gwoup sivik
- antre nan yon gwoup kominotè
- bay yon ofisyèl eli pwendvi ou sou yon pwoblèm
- rele Senatè yo ak Reprèzantan yo
- sipòte oswa opoze yon sijè oswa yon politik
- kandida pou fonksyon
- ekri nan yon jounal

56. Kilè ki se dènye jou ou kapab voye fòm deklarasyon taks federal sou revni ou?\*

- 15 Avril

57. Kilè tout gason dwe enskri pou Sèvis Selektif?

- lè yo gen laj dizuit (18) tan
- ant laj dizuit (18) tan ak vennsis (26) zan

## ISTWA AMERIKEN

A: Peryòd Kolonyal ak Endepandans

58. Ki yon rezon ki fè kolon yo te vini nan Lamerik?

- libète
- libète politik
- libète relijyon
- opòtinite ekonomik
- pratike relijyon yo
- sove tèt yo pou pèsekisyon

59. Kimoun ki t ap viv nan Lamerik anvan Ewopeyen yo te rive?

- Amerendyen yo
- Ameriken Natifnatal yo

-7-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

60. Ki gwoup moun yo te mennen nan Lamerik pou yo te vann kòm esklav?

- Afriken yo
- moun ki te nan Afrik

61. Pou kisa kolon yo te batay kont Britanik yo?

- akòz gwo taks (taksasyon san reprezantasyon)
- paske fòs lame britanik yo te rete nan kay yo (anbakman, divizyon an katye)
- pake yo pa t gen yon gouvènman endepandan

62. Kimoun ki te ekri Deklarasyon Endepandans?

- (Thomas) Jefferson

63. Kilè yo te adopte Deklarasyon Endependans?

- 4 Jiyè 1776

64. Te gen 13 eta orijinal. Bay twa ladan yo.

- New Hampshire

- Massachusetts

- Rhode Island

- Connecticut

- New York

- New Jersey

- Pennsylvania

- Delaware

- Maryland

- Virginia

- North Carolina

- South Carolina

- Georgia

65. Kisa ki te pase nan Konvansyon Konstitisyonèl la?

- Yo te ekri Konstitisyon an.

- Papa Fondatè yo te ekri Konstitisyon an.

66. Kilè yo te ekri Konstitisyon an?

- 1787

67. Federalis te sipòte adopsyon Konstitisyon Etazini. Bay non moun ki te ekri li.

- (James) Madison

- (Alexander) Hamilton

- (John) Jay

- Publius

68. Pou ki yon bagay Benjamin Franklin vin selèb?

- diplomat Etazini

- manm ki pi ansyen nan Konvansyon Konstitisyonèl la

- premye Minis Lapòs Etazini

- ekriyen "Poor Richard's Almanac"

- li te kòmanse premye bibliyotèk gratis yo

-8-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

69. Kimoun ki se "Papa Peyi Nou an"?

- (George) Washington

70. Kimoun ki te premye Prezidan an?\*

- (George) Washington

B: Ane 1800 yo

71. Ki teritwa Etazini te achte nan men Lafrans nan ane 1803?

- Teritwa Lwizyàn

- Lwizyàn

72. Bay yon lagè Etazini te fè nan ane 1800 yo.

- Lagè 1812

- Lagè Meksiken-Ameriken

- Lagè Sivil

- Lagè Panyòl-Ameriken

73. Endike lagè Etazini ant Nò ak Sid.

- Lagè Sivil

- Lagè ant Eta yo

74. Bay yon pwoblèm ki te lakòz Lagè Sivil la.

- esklavaj

- rezon ekonomik

- dwa eta yo

75. Kisa ki te yon bagay enpòtan Abraham Lincoln te fè?\*

- li te bay esklav yo libète (Pwoklamasyon Emansipasyon)

- li te sove (oswa pwoteje) Inyon an

- li te alatèt Etazini pandan Lagè Sivil la

76. Kisa Pwoklamasyon Emansipasyon an ye?

- libète pou esklav yo

- libète pou esklav yo nan Konfederasyon an

- libète pou esklav yo nan eta konfedere yo

- libète pou esklav yo nan pifò eta Sid yo

77. Kisa Susan B. Anthony te fè?

- li te batay pou dwa fanm yo

- li te batay pou dwa sivil yo

C: Dènye Istwa Ameriken ak Lòt Enfòmasyon Istorik Enpòtan

78. Bay yon lagè Etazini te fè nan ane 1900 yo.\*

- Premye Gè Mondyal

- Dezyèm Gè Mondyal

- Lagè Kore

- Lagè Vyetnam

- Lagè Gòlf (Pèsik)

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

79. Kimoun ki te Prezidan pandan Premye Gè Mondyal la?

- (Woodrow) Wilson

80. Kimoun ki te Prezidan pandan Gran Depresyon ak Dezyèm Gè Mondyal la?

- (Franklin) Roosevelt

81. Kont ki peyi Etazini te bay nan Dezyèm Gè Mondyal la?

- Japon, Almay, Ak Itali

82. Anvan Eisenhower te Prezidan, li te yon jeneral. Nan ki lagè li te ye?

- Dezyèm Gè Mondyal

83. Pandan Gèfwad la, kisa ki te enkyetid prensipal Etazini?

- Kominis

84. Ki moun ki te eseye mete yon pwen final nan diskriminasyon rasyal?

- dwa sivil yo (mouvman)

85. Kisa Martin Luther King, Jr. te fè?\*

- li te batay pou dwa sivil yo
- li te travay pou tout Ameriken vin egalego

86. Ki gwo evènman ki te pase nan dat 11 septanm 2001 nan Etazini?

- Teworis yo te atake Etazini.

87. Bay non yon tribi Amerendyen nan Etazini.

[Ofisye USCIS yo ap resevwa yon lis tribi amerendyen ki gen rekonesans federal.]

- Cherokee
- Navajo
- Sioux

- Chippewa
- Choctaw
- Pueblo
- Apache
- Iroquois
- Creek
- Blackfeet
- Seminole
- Cheyenne
- Arawak
- Shawnee
- Mohegan
- Huron
- Oneida
- Lakota
- Crow
- Teton
- Hopi
- Inuit

-10-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

SIVISM ENTEGRE

A: Jewografi

88. Bay non de (2) rivyè ki pi long yo nan Etazini.

- Missouri (Rivyè)

- Mississippi (Rivyè)

89. Ki oseyan ki sou Lakòt Lwès Etazini?

- Pasifik (Oseyan)

90. Ki oseyan ki sou Lakòt Lès Etazini?

- Atlantik (Oseyan)

91. Bay non yon teritwa Etazini.

- Pòtoriko

- Zile U.S. Virgin

- Samowa Ameriken

- Zile Northern Mariana

- Gwam

92. Bay non yon eta ki sou fwontyè avèk Kanada.

- Maine

- New Hampshire

- Vermont

- New York

- Pennsylvania

- Ohio

- Michigan

- Minnesota

- North Dakota

- Montana

- Idaho

- Washington



- Alaska

93. Bay non yon eta ki sou fwontyè avèk Meksik.

- California
- Arizona
- New Mexico
- Texas

94. Ki kapital Etazini?\*

- Washington, D.C.

95. Kisa Estati Libète ye?\*

- New York (Pò)
- Zile Liberty

[Nou kapab aksepte tou New Jersey, toupre Vil New York, ak sou Hudson (Rivyè).]

-11-

\* Si ou gen laj 65 kan oswa plis epi si ou se yon rezidan pèmanan legal Etazini depi 20 tan oswa plis, ou ka etidye sèlman kesyon ki make yo avèk yon asterisk.

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

B: Senbòl

96. Pou kisa drapo a gen 14 bann ladan?

- paske te gen 13 koloni orijinal
- paske bann yo reprezante koloni orijinal yo

97. Pou kisa drapo a gen 50 etwal ladan?\*

- paske gen yon etwal pou chak eta
- paske chak etwal reprezante yon eta
- paske gen 50 eta

98. Ki non lim nasyonal la?

- Banyè Etwale a

C: Jou Ferye yo

99. Kilè nou fete Jou Endepandans lan?\*

- 4 Jiyè

100. Bay non de (2) jou ferye nasyonal Etazini.

- Joudlan

- Jou Martin Luther King, Jr.

- Jou Prezidans

- Jounen Memoryal

- Jou Endepandans

- Fèt Travay

- Jou Kristòf Kolon Dekouvri Lamerik

- Jounen Veteran

- Aksyondgras (Thanksgiving)

- Fèt

Nwèl